Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES SOU PWOSÈ KI KONTESTE ENTÈDIKSYON 287(G) LA

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Nouyòk Letitia James pibliye deklarasyon sa a jodi a apre 15 cherif konte te depoze yon pwosè pou konteste entèdiksyon Lwa sou Polis Lokal yo, Krim Lokal la sou akò 287(g) yo ak Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) Etazini:

"Jan nou te di depi nan kòmansman an, 'Lwa sou Polis Lokal yo, Krim Lokal la' kenbe Nouyòkè yo an sekirite lè li asire resous sekirite piblik yo ale nan konbat krim nan kominote nou yo, pa nan fè travay ICE a. Gouvènman federal la fè konnen y ap pouswiv moun yo konsidere kòm 'pi move pami pi move yo', men tout Ameriken deja wè reyalite a: ICE ap teworize kominote yo ak fanmi yo ak atak san diskriminasyon, ap arete moun san yo pa konsidere dosye kriminèl yo, epi ap itilize lapolis lokal la pou reyalize ajanda deportasyon an mas administrasyon an.

Anpil nan 12 antite ki te gen akò sa yo te konfòme yo san okenn ensidan, epi majorite ajans fòs lòd nan Nouyòk yo te deja pwoteje kominote yo avèk siksè san okenn kolaborasyon ak ICE. Lefèt yo di cherif sa yo pa ka fè menm bagay la montre plis bagay sou yo menm pase sou lalwa.

Pwosè sa a se pa lòt bagay ke yon gaspiyaj lajan kontribyab yo san rezon. Tribinal yo te deja refize bloke lwa sa a yon fwa, epi nou sèten y ap fè sa ankò. Antretan, nou espere tout ajans fòs lòd nan Nouyòk yo respekte lalwa eta a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.